# jullil taxaw, boo ko manul nga toog, boo ko manul nga wetu

Jële na ñu ci Imraan Ibn Husayn -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: damaa amoon ay góom, ma laaj Yónente bi -yal na ko Yàlla xéewal ak mucc- ci lu jëm ci julli, mu ne ma: «jullil taxaw, boo ko manul nga toog, boo ko manul nga wetu».
[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- leeral na ne cosaan ci julli mooy taxaw, lu dul ne manu ko mu julli toog, bu ko manul mu julli tëdde wet.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee